

## GADRI



### BON

Gen anpil fanmi ki elijib pou yo jwenn **bon pou gadri** ki pou kouvri kèk depans gadri pandan tout jounen, aprè lekòl, epi/oswa moman ete a. Ou kapab aplike pou yon kupon lè ou:

- Pale asistan sosyal DTA ou an, si w ap resevwa TAFDC
- Pale ak asistan sosyal DCF ou an, si w gen relasyon ak DCF
- Pale ak asistan sosyal DHCD ou an, si w ap viv nan onabri (chètè)
- Rele nan 211 epi swiv enstriksyon yo pou sèvis gadri

Bon sèvis gadri yo se pou fanmi ki gen:

- **Timoun ki poko gen 13 lane yo**
- Granmoun k ap travay deja, chèche travay, oswa enskri nan yon pwogram edikasyon oswa fòmasyon pou plis pase 20 èdtan chak semèn; granmoun ki retirete epi ki gen plis pase 65 lane yo; oswa granmoun ki gen yon andikap oswa bezwen espesyal
- Gen yon revni ki reponn ak egzijans revni yo

Yon fwa ou resevwa yon bon pou sèvis gadri, ou kapab fè rechèch nan **Depatman Edikasyon ak Swen Jèn Timoun (Early Education and Care, EEC)** pou jwenn sèvis gadri nan yon sant oswa adomisil ki reponn ak bezwen ou yo: <http://bit.ly/childcaresearch>



### HEAD START

Si w gen **timoun ki poko gen 5 lane**, petèt ou gendwa pou resevwa edikasyon prekòs **Head Start** oswa **Early Head Start** gratis. Pou anrejistre ou dwe:

- Gen yon revni ki reponn ak egzijans revni yo
- Rele ABCD pou w pran yon randevou pou fè entèvyou:  
(617) 348-6388

Head Start gen sèvis disponib pou tout fanmi an, tankou èd ekonomik, èd nan sèvis piblik yo, ak nan rad/atik menaje yo.